दिन–शनिवार दिनांक–28.09.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

नेपालक जलग्रहण क्षेत्रक संग–संग प्रदेशक उत्तरी क्षेत्र मे भऽ रहल बरखाक कारणे गंडक, बूढ़ी गंडक, बागमती, कोसी आ महानन्दा समेत विभिन्न नदीक जलस्तर तेजी सँ बढ़ि रहल अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार नेपाल सँ भारी मात्रा मे पानि छोड़ल गेल। पश्चिम चंपारणक बाल्मिकीनगर गंडक बराज सँ आइ दूपहर चारि बजे धरि पाँच लाख दस हजार क्यूसेक पानि छोड़ल गेल। ओतहि, सुपौल सँ हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे कोसी बराज सँ आइ दुपहर चारि बजे धरि पाँच लाख उनचास हजार क्यूसेक पानि छोड़ल गेल। बाढ़िक खतरा के नजरि मे राखि सुपौल, सहरसा आ मधेपुरा समेत विभिन्न जिला मे कोसी तटबंधक भीतर बसल लोकसभ के ऊंच स्थान पर लऽ जाओल जा रहल छनि। बाढ़ि सँ उत्पन्न होबऽवला भयावहताक आशंका के देखैत लोकसभ के प्रशासन. द्वारा सतर्क सेहो कयल जा रहल अछि। बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे पशुपालनक टीम सेहो भ्रमण कऽ रहल अछि। सुपौलक जिलाधिकारी कौशल कुमार कोसी तटबंधक निरीक्षण कयलनि। ओ तटबंध के भीतर स्थित विद्यालय आ आंगनबाड़ी केन्द्र सभ के बंद रखबाक निर्देश देलनि अछि। पूर्वी चंपारण मे सेहो बाढ़िक आशंकावला क्षेत्र मे विद्यालय सभ के बंद कऽ देल गेल अछि। मधुबनीक जिलाधिकारी जिलाक तटीय क्षेत्रक भ्रमण कयलाक बाद जनौलनि जे मधेपुर प्रखंडक किछु पंचायत मे सेहो बाढ़ि अयबाक संभावना अछि। ओ कहलनि जे अभियंता लोकनि तटबंध पर नजरि रखने छथि आ प्रशासन अलर्ट अछि।

---

मॉनसूनक अति सक्रियताक कारणे पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, सुपौल, किशनगंज समेत प्रदेशक उत्तर–पश्चिम आ उत्तर–पूर्व भाग मे कतेको ठाम भारी बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार बाल्मिकीनगर मे सभ सँ बेसी दू सय तीस दशमलव छओ मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। अगिला अड़तालीस घंटा मे प्रदेशक उत्तर–पश्चिम, दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य भाग मे कतेको ठाम बहुत भारी बरखा हेबाक आशंका बनल

अछि। एहि क्रम मे कतहुँ–कतहुँ ठनका खसबाक संभावना सेहो अछि। विभाग एहि कारणे ऑरेंज अलर्ट जारी करैत लोकसभ सँ सतर्क रहबाक अपील कयलक अछि।

————————————————————

भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ केन्द्रीय मंत्री जे.पी. नड्डा कहलनि अछि जे पार्टीक जनाधार प्रत्येक दिन बढ़ि रहल अछि। पटना मे भाजपाक विशेष सदस्यता अभियान शुरू करैत ओ कहलनि जे केन्द्र सरकारक जनहितवला निर्णय सँ प्रभावित भऽकऽ पैघ संख्या मे लोक भाजपा सँ जुड़ि रहल छथि। पटना मे ओ शहीद स्मारक जाकऽ शहीद लोकनि के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एक कार्यक्रम मे ओ पैरालंपिक विजेता खेलाड़ी लोकनि के सम्मानित सेहो कयलनि।

————————————————————

केन्द्रीय कपड़ा मंत्री गिरिराज सिंह कहलनि अछि जे सरकार छोट उद्यमी आ कारीगर लोकनि के प्रत्येक स्तर पर सहायता उपलब्ध करा रहल अछि। श्री सिंह आइ पटना स्थित उपेन्द्र महारथी शिल्प अनुसंधान संस्थान मे हस्तशिल्प निर्यात संवर्धन परिषद, ई.पी.सी.एच.क पहिल कार्यालयक उद्घाटन करैत कहलनि जे शिल्प उत्पाद लेल विदेश मे सेहो पैघ बाजार उपलब्ध अछि।

————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि सवेरे एगारह बजे आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोकक संग अपन विचार साझा करताह। ई मासिक रेडियो कार्यक्रमक एक सय चौदहम संस्करण होयत। ई कार्यक्रम आकाशवाणी आ दूरदर्शनक सभ नेटवर्क पर उपलब्ध रहत। प्रधानमंत्रीक प्रसारणक बाद मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केन्द्र सँ कयल जायत। इएह मैथिली प्रसारण के राति आठ बजे पुनः सुनल जा सकत।

————————————————————

दुर्गापूजा, दिवाली आ छठि पूजा के नजरि मे राखि यात्री लोकनिक सुविधा लेल पूर्वोत्तर सीमान्त रेलवे एक्कैस जोड़ी स्पेशल ट्रेन चलाओत। ई जनतब कटिहार रेलमंडलक प्रबंधक सुरेन्द्र कुमार देलनि।

———————————————————

ओम्हर, सहरसा–सरायगढ़–सहरसा डेमू पैसेंजर स्पेशल ट्रेनक मार्ग विस्तार कयल गेल अछि। आब ई ट्रेन सहरसा सँ खुलबाक बाद सुपौल आ सरायगढ़ होइत ललित ग्राम धरि जायत। सहरसा सँ ई ट्रेन दिन मे दू बाजि कऽ पन्द्रह मिनट पर प्रस्थान करत। जखनकि ललित ग्राम सँ सांझ सात बाजि कऽ पच्चीस मिनट पर खुलत।

———————————————————

बीतल राति दरभंगा जिलाक काकरघाटी–शिशो नवनिर्मित रेललाईन पर ट्रायल इंजनक चपेट मे अयला सँ तीन महिलाक मृत्यु भऽ गेलनि। ई महिला लोकनि गोपालपुर गामक रहनिहार छलीह।

———————————————————

सहरसा जिलाक सलखुआ पंचायत सहित आनो प्रखंडक पंचायत सभ मे स्वच्छता कार्यक्रम चलाओल गेल।

———————————————————

समाप्त